

TARIRO YANHASI

CHITSAUKO 41

KUNZWA KUDANA KWAMWARI

Wati wambonzwa Mwari vachitaura newe here? Ndinofunga kuti vazhinji vedu hatisati tambonzwa Mwari vachitaura sekunzwa kwakaita Abrahama Mwari vachitaura. Mumoyo memunhu wese mune chishuwo nekudokwairira Mwari. Hongu ndizvo zvazviri. Asi kune vamwe vanoedza kuzviudza kuti hakuna Mwari. Zvisinei Bhaibheri rinoti munhu akadai anonzi benzi.

Benzi munhu anenge asati ambofunga pamusoro pezvinhu izvi. Ini ndine chokwadi chekuti kusagadzikana mumweya kuri munyika medu ukakutsvaga utoona kuchibva pakukundikana kwevanhu kuti vawane Mwari. Vanhu havanzwi Mwari nekuti havamuteereri. Vanhu havatombofungi nezvaMwari. Saka mharidzo iyi inobva muna Genesi 12:1-5 inotiratidza kuti tingawane sei Mwari nekuti tingavanzwe sei.

“1. Jehovha akanga ati kuna Abhurama, “Siya nyika yako, vanhu neimba yababa vako uye uende kunyika yandichakuratidza. 2. Ndichakuita rudzi rukuru uye ndichakuropafadza ndichaita kuti zita rako rive guru, uye iwe uchava ropafadzo. 3. Ndicharopafadza vaya vanokuropafadzawo, uye ani naani anokutuka ndichamutuka; uye marudzi ose ari panyika acharopafadzwa kuburikidza newe.” 4. Saka Abhurahama akabva - sezvaakanga audzwa naJehovha; uye Roti akaenda naye. Abhurahama akanga ava namakore makumi manomwe namashanu okuberekwa paakasimuka kubva paHarani. 5. Akatora mukadzi wake Sarai, mwanakomana womunun’una wake Roti, pfuma yose yavakanga vava nayo navanhu vavakanga vawana muHarani uye vakasimuka vakaenda kunyika yeKenani, uye vakasvika ikoko.

Baba vedu Abramam vanotiratidza zvazvinoreva uye nezvinodiwa kuti unzwwe Mwari vachitaura. Mundima dzataverenga idzi pane zvinhu zvitatu zviri pachena ZVINOITIKA zvinozoti bata bata kana tichinge tanzwa kudana kwaMwari. Zvinobuda zvichibva pane zvakaitika kuna Abramam. Chimwe chinhu chinodikanwa kuti unzwwe kudana kwaMwari ndechekuti ubve pane zvaure. Mwari vakange vaure kuna Abramam vachiti, “Siya nyika yako, vanhu vako neimba yababa vako.” Kune vamwe vanhu ichi chaizove chinhu chakakurisa zvekuti hachiitiki. Abramam zvakamuomera here? Chimbofunga kwaive kwabviwa naAbramam. Muchitsauko chakapfuura chaGenesi takaudza pamusoro pemhuri yake. Ruzivo rwatinarwo rwunobva kuzvinyorwa zvisiri Bhaibheri rwunotiudza kuti Abramam airarama munyika yainamatwa zvimufananidzo. Pane nyaya yemunhoroondo inotiudza kuti Abramam aitoshanda muchitoro chababa vake chaigadzirwa zvimufananidzo apo Mwari pavakataura naye.

Ndinoda kuti uzive kwaigara Abramam. Abramam aigara kunzvimbo kwaive kwakatangira vanhu kurarama zvine ruzivo. Nzvimbo iyi tingaiti yaive chitubu cheruzivo. Iye zvino chimbofunga pamusoro pehama dzaAbramam. Tese tinekunamira kwatinoita kumhuri dzedu. Vamwe vakanamira kudarika vamwe. Asi izvi kuna Abramam zvaitoreva kukwachuka kubva kuvanhu vake.

Kudana kwaMwari kunogonawo kuda kuti ukwachuke zvakaite Abramam chero nanhasi. Dzimwe shamwari dzangu dzakatosiya zvese. Vamwe vakasiya misha. Vamwe vakasiya mhuri. Vamwe vakasiya vadikani. Vakasiya zvese zvatinoti zvakananyanya kukosha pavakanzwa kudana kwaMwari. Vakasiya zvese. Vamwe

vakatobva munyika mavakazvarirwa. Vamwe vakatobva mudzimba dzavakakurira sevana. Hongu kudana kwaMwari kunogona kuda kuti ukwachuke kubva kuzvinhu izvi. Chingu chatinogona kuva nechokwadi nacho ndechekuti Mwari havazombodi kuva nemumwe kana zvimwe zvinokosheswa kuvadarika.

Ko izvi zvinotipa tariro ipi? Rega ndikuudze. Tariro inowanikwa muhupano hwaMwari muhupenyu hwako. Ndinoziva kuti kune vamwe zvaireva kudzokera kumba. Asi hazvina kudaro kuna Abram. Kumunhu waMwari uyu zvaitoreva kukwachuka paakanzwa kudana kwaMwari. Chimwe chinhu chikuru chinodikanwa kuti unzwe kudana kwaMwari ndechekuziva kuti ndiwe ani. Ishe vakati kuna Abram, “Ndichakuita rudzi rukuru” Pane zvazvikanakira kana ukateerera kudana kwaMwari. Abrama akasimudzirwa akapihwa basa nenzvimbo inokosha, “Ndichakuita rudzi rukuru.” Akadanwa kuti afambe naMwari zvakakosha. Izvi zvakaitika nekuti ndinoda kuti uone kuti Mwari vakange vasarudza Abram kuti ave baba verudzi rukuru. Abram aizozivikanwa nekuva nezita guru. Nhasi kune vazhinji vanotarisa kwaari satateguru vavo panyama. Pamwe iwe unogona kutotarisa dzinza rako richidzoka kuna Abram. Ndinoda kutaura kuti kune vasina kudzingiswa vari vaKristu vanozomutora sababa vavo pakutenda. Ndinototi Mupostori Paulo pavakanyorera tsamba kune imwe yemachechi vakati isu tinotenda muna Jesu Kristu tiri vana vepamweya vaAbrahama kunyange zvedu tisina kubva mudzinza rake.

Hapana kumwe kuzivikanwa kwaakange ainako. Pane maropafadzo makuru aizouya kuburikidza naAbram. Marudzi ese pasi rino rese aizoropafadzwa nekuda kwaAbram. Pane nyika shoma shoma dziriko nhasi dzisati dzanzwa basa

rezvizvarwa zvaAbramu. Pasi rino rese maropafadzo akauya kuvanhu nekuda kwemhodzi yaAbramu. Izvi ndizvo zvakanzi naMwari zvichaitika. Pane mhodzi imwe chete inokosha inonzi Jesu Kristu. Mumhodzi iyi ndimo muchaerera maropafadzo achibva pane zvaunofanira kuita paunonzwa kudana kwaMwari. Unofanira kugadzirira. Pave nekukwachuka poita kuziva kuti ndiwe ani pozoita kugadzirira. Pana Abramu zvakatoreva kubva ipapo ipapo nguvo iyoyo chaiyo. Muna Genesi 12:4 pane mashoko matatu anokosha anoti, “Saka Abhurahama akabva.”

Kunonoka dzimwe nguva kunozokudhurira. Abramu paakanzwa kudana kwaMwari akabva panguva iyoyo. Kuita zvinhu ipapo ipapo kunoita kuti ufadze Mwari. Pana Abramu zvaitoreva kuva mudzungairi. Akatora zvose zvaaive nazvo. Akatora zvinhu zvese zvaakange aunganidza. Akatora mukadzi wake nemwanakomana wemunun’una wake ainzi Roti nevanhu vese vaakange aunganidza ndokubva aenda. Kugadzirira kwake kwaive kubva nguva iyoyo kuti agove mudzungairi.

Hama yangu hapana munhu anofanira kutarisira maropafadzo aMwari iye achiterera zvishoma shoma chete. Abramu akateerera zvakazara. Hama yangu ndoda kutaura kwauri pachezvako. Muna Abramu baba vedu tinoona chaizvo chaizvo zvatinofanira kutevedzera. Ko iwe zvakambokumirirawo sei? Uri kunzwawo here kudana kwaMwari uye Mwari vacho vari kutii kwauri? Zvingave here kuti vari kuda kuti ukwachuke? Vari kuda here kuti uve zvavanoda kuti uve? Wagadzirira here kutora chinhanho chekutenda? Unoona, Abramu baba vedu vakabva kune nyika yavo nehama dzavo nemba yababa vake kuti aite zvaakange adanirwa naMwari kuti aite. Tese tinofanira kuzvipira kuita zvakaitwa naAbramu.